

1 Elèv ki nan Lekòl Piblik Boston SÈLMAN

Non tout timoun ki nan lekòl Lavil Boston yo SÈLMAN
(Non Fanmi, Prenon, Inisyal)

Nimewo Idantifikasyon Elèv lan	Klas	Non Lekòl lan	"X" si se yon timoun adopte
			<input type="checkbox"/>
			<input type="checkbox"/>
			<input type="checkbox"/>
			<input type="checkbox"/>
			<input type="checkbox"/>
			<input type="checkbox"/>
			<input type="checkbox"/>

2 SNAP oswa TAFDC

Si gen nenpòt moun nan kay la ki resevwa SNAP (tikè manje-food stamp) oswa benefis TAFDC, tanpri bay Nimewo Idantifikasyon Ajans lan ou ap jwenn anwo adwat lèt benefis ki soti nan Depatman Asistans Tranzisyonèl la (DTA). Tanpri sote tout bagay ale nan pati 6 la epi siyen fòmilè sa a si ou bay Nimewo Idantifikasyon Ajans lan.

**** Ou pa bezwen bay nimewo kat EBT ou a**

3 Moun ki pa gen kay, Migran, oswa Moun ki sove kite kay yo

Si timoun ou ap aplike pou li a san kay oswa li sove kite kay li tcheke ti kare apwopriye a pi ba a epi telefone Mary William nan (617) 635-8037 pou plis asistans. Anplis, ou dwe ranpli aplikasyon sa a nètalkole dekwa pou yo konsidere benefis pou ou.

- Moun ki pa gen kay
- Migran
- Moun ki sove kite kay yo

4 Total Kòb Kay la ap Touche - Ou dwe di nou EKZAKTEMAN konbyen e nan ki entèval tan.

Non tout moun k ap viv nan kay lan

Tcheyeke ti kare sa a si kay lan pap touche kòb.

Ekri revni yo klèman. Nwasi konplètman ti wonn ki montre nan ki entèval tan ou touche kòb yo.
Chak Semèn (W), Chak 2 Semèn/"Bi-Weekly" (E), De (2) Fwa Pa Mwa (T), Chak Mwa (M)

Refize Benefis

- Tcheyeke ti kare sa a si ou pa bezwen pou timoun ou yo resevwa benefis.

List the names of all household members including student(s).	Kantite Total Kòb Touche Anvan Dediksyon	Byenètr, Sipò pou Timoun				Pansyon, Retrèt, Sekirite Sosyal, ak Lòt									
		Chak Semèn	Chak 2 Semèn	2 Fwa Pa Mwa	Chak Mwa	Chak Semèn	Chak 2 Semèn	2 Fwa Pa Mwa	Chak Mwa						
(EGZANP) <i>Jane Smith</i>	\$ 199.99	●	E	T	M	\$ 149.99	W	●	T	M	\$ 99.99	W	E	T	●
1)	\$	W	E	T	M	\$	W	E	T	M	\$	W	E	T	M
2)	\$	W	E	T	M	\$	W	E	T	M	\$	W	E	T	M
3)	\$	W	E	T	M	\$	W	E	T	M	\$	W	E	T	M
4)	\$	W	E	T	M	\$	W	E	T	M	\$	W	E	T	M
5)	\$	W	E	T	M	\$	W	E	T	M	\$	W	E	T	M

5 Lòt Benefis

- Lè mwen tcheyeke ti kare sa a e siyen piba a, mwen otorize BPS delivre enfòmasyon ki sou aplikasyon sa a bay lòt pwogram pou edikasyon timoun k ap travay sou nouriti, sante, pou yo ka detèmine elijibilite timoun yo pou chak pwogram.

Siyati

6 Signature and Social Security Number (Firma y Número de Seguro Social)

Yon paran oswa yon granmoun k ap okipe timoun nan dwe siyen aplikasyon an. Si li te ranpli Pati 4 la, moun ki siyen fòmilè a fèt pou ekri 4 dènye chif ki nan Nimewo Sekirite Sosyal li oswa make ti kare ki di "Tcheke la a si ou pa gen yon Nimewo Sekirite Sosyal". (Gade Deklarasyon Lwa Konfidansyalite ki dèye do paj sa a).

Mwen sètifye (mwen pwomèt) tout enfòmasyon sou aplikasyon sa a se laverite eke mwen deklare tout revni mwen. Mwen konprann lekòl la pral jwenn finansman Federal sou baz enfòmasyon mwen bay yo. Mwen konprann ofisyèl lekòl la ka verifiye (kontwòle) enfòmasyon yo. Mwen konprann si mwen bay fo enfòmasyon espere, timoun mwen an ka pèdi avantaj pou li manje, epi yo ka rele m lajistis.

X

Siyati Manb Grandèt nan Kay la

Prenon Paran ou Gadyen an

X X X - X X -

Nimewo Sekirite Sosyal

Non Fanmi Paran ou Gadyen an

Mwen pa gen yon Nimewo Sekirite Sosyal

Telefòn nan Kay lan

/ / 201

Dat

Telefòn nan Travay

2871148472

Adrès

Vil, Eta, Zip

ENFÔMASYON POU APLIKASYON

Paran/Moun Responsab: Lekòl Piblik Boston (BPS) patisipe nan Pwogram Nasyonal Dejene ak manje midi nan Lekòl yo. Dapre pwogram sa yo, pitit ou a kapab kalifye pou manje gratis oswa a pri redui. Pou detèmine elijibilite a yo baze sou kondisyon revni lajan nan kay la, li esansyèl pou ou ranpli epi voye aplikasyon ou wè nan do a. Chak kay ta dwe ranpli epi retounen yon aplikasyon pou chak kay (yo pa mande pitit adoptif yo pou yo ranpli yon aplikasyon separe ankò). Yon anplwaye “Food and Nutritional Services (FNS)” ki nan lekòl la ap fè yon detèminasyon pou gade si ou gen elijibilite, nan *lespas 10 jou* apre yo resevwa aplikasyon an, yo pral voye yon lèt pou ou lakay ou si pitit ou a ta dwe pote plis enfòmasyon oswa si yo fè yon detèminasyon ofisyèl sou estati kalifikasyon yo. Si ou bezwen asistans pou ranpli aplikasyon an oswa ou si gen kesyon, tanpri rele 617-635-6372 6371 oswa 6372.

Timoun ou a ka kalifye pou manje gratis oubyen nan pri redwi si lajan revni tout moun lakay ou tonbe nan nivo oswa anba limit ki nan tablo sa a. Timoun ou a ka kalifye tou pou manje gratis si nenpòt moun ki nan kay la resevwa SNAP (koupon pou achte manje) oswa TAFDC (asistans lajan kach) kèlkeswa limit revni sou tablo sa a.

Barèm pou Elijibilite pou Benefis Manje 2011-2012			
Gwosè Kay	Pa Ane	Pa Mwa	Pa Semenn
1	20.147	1.679	388
2	27.214	2.268	524
3	34.281	2.857	660
4	41.348	3.446	796
5	48.415	4.035	932
6	55.482	4.624	1.067
7	62.549	5.213	1.203
8	69.616	5.802	1.339
Pou chak lòt moun anplis	7,067	589	136

Pri Manje pou Ane sa a		
Ki Manje	Pri Antye	Pri Redui
Dejene:	\$1.50	\$0.30
Lunch Primè:	\$2.25	\$0.40
Lekòl Mwayen ak Segondè	\$2.50	\$0.40

Deklarasyon sou Lwa Konfidansyalite

Lwa Nasyonal Richard B. Russell sou Manje nan Lekòl egzijè enfòmasyon sa yo sou aplikasyon an. Ou pa oblije bay enfòmasyon yo, men si ou pa fè sa, nou pa kapab apwouve timoun ou a pou manje gratis oswa a pri redui. Ou dwe mete *kat dènye chif* ki nan nimewo kat sekirite sosyal moun majè nan kay la epi ki siyen aplikasyon an. Kat dènye chif nan nimewo kat sekirite sosyal la pa nesèsè lè ou ap aplike pou yon timoun adoptif oswa si ou mete yon nimewo dosye Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP), nimewo dosye Pwogram Èd Tranzisyonèl pou fanmi ki gen timoun (TAFDC) oswa lè ou endike moun ki majè nan kay la ki siyen aplikasyon an pa gen yon nimewo sekirite sosyal. Nou pral sèvi ak enfòmasyon ou yo pou detèmine si pitit ou a kalifye pou manje gratis oswa a pri redui, epi pou administrasyon ak egzekisyon pwogram manje midi, epi manje maten yo. **Nou KAPAB remèt enfòmasyon sou kalifikasyon ou bay biwo edikasyon, sante, epi pwogram nitrisyon pou ede yo evalye, finanse, oubyen wè benefis pwogram yo, oditè pou evalyasyon pwogram yo, ak otorite ki la pou fè respekte lalwa yo ka ede mennen ankèt pou vyolasyon règleman pwogram yo.**

Deklarasyon Non-diskriminasyon

Pati sa a esplike kisa ou dwe fè si ou kwè yo te fè ou abi. "An akò ak lwa federal ansanm ak lwa epi règleman “US Department of Agriculture”, enstitisyon sa a entèdi pou yo fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj, oswa andikap. Pou pote yon plent pou diskriminasyon, ekri Biwo “USDA, Director, Office of Adjudication, 1400 Independence Avenue, SW, Washington, D.C. 20250-9410” oswa rele gratis nan (866) 632-9992 (pou pale). Moun ki gen pwoblèm pou tande oswa ki gen andikap lapawòl ka kontakte USDA nan Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339; oswa (800) 845-6136 (Panyòl). USDA se yon founisè ak anplwaye ki respekte opòtinite egal pou tout moun."



LEKÒL PIBLIK BOSTON

DEPATMAN MANJE AK SÈVIS NITRISYON

ENSTRIKSYON POU RANPLI APLIKASYON POU MANJE

Bonjou Paran/Moun Responsab yo:

Timoun yo bezwen bonjan nouriti pou yo ka aprann. **Lekòl Piblik Boston** yo ofri nouriti ki bon pou lasante chak jou. Dejene koute **\$1.50**; dine koute **\$2.25 pou elèv elemantè, \$2.50 pou lekòl mwayèn (middle) ak segondè**. Timoun pa ou yo ka byen kalifye pou manje gratis oubyen a pri redui. Pri redui yo se **0.30** pou dejene epi **0.40** pou dine.

Komplete fomilè a ("Family Application for Meal Benefits") pou ou ka konnen si timoun ou yo kalifye pou yo manje gratis oubyen a pri redui. Nou pap ka apwouve yon aplikasyon enkonpl, konsa asire ou bay tout enfòmasyon nou mande yo. **Voye aplikasyon konplè a tounen bay lekòl pitit ou a.**

Kesyon ak Repons sou Aplikasyon pou Manje a

1. **Mwen te ranpli yon aplikasyon lane dènyè. Eske fò m ranpli yon lòt ane sa a tou? WI!** Ou gen pou ou soumèt yon nouvo aplikasyon chak ane.
2. Si pitit ou a t ap manje gratis oswa a pri redui nan mwa **Jen** pou chak ane lekòl, li ka kontinye manje gratis oswa a pri redui **pandan 30 premye jou yo lè lekòl louvri**. Aprè ou soumèt yon nouvel aplikasyon pou **nouvo** ane lekòl la, ou ap resevwa yon lèt k ap eksplike ou kijan sa ap ye pou pitit ou a ane sa a. Si kondisyon ane pase yo chanje pou pitit ou a, nou pral aplike yon chanjman pou ogmantasyon nan 24 èdtan, epi yon diminisyon nan yon espas 10 jou ouvrab apre aplikasyon an fin apwouve.
3. Si pitit ou an pa t nan yon lekòl BPS ane pase, voye aplikasyon an tounen ban nou prese-prese. Osi lontan nou pokò trete yon aplikasyon pou ane sa a, pitit ou a ap peye tout kòb la pou l manje.
4. **Mwen gen plis pase yon timoun. Èske fò m ranpli yon aplikasyon pou chak timoun?** Non. Ranpli yon fomilè pou fanmi ("Family Application for Meal Benefits") pou tout timoun nan kay la.
5. **Ki moun ki ka jwenn manje gratis?** Timoun ki nan kay kote yo resevwa "**Supplemental Nutrition Assistance Program-SNAP** oswa **TAFDC**" ka jwenn manje gratis, **kèlkeswa kòb ou ap touche**. Menmjan an tou, pitit ou a ka manje gratis, si kòb k ap antre lakay lan nan limit "Federal Income Guidelines" lan.
6. **Èske timoun adoptif (foster) ka jwenn manje gratis?** Wi, timoun adoptif yo ki anba responsabilite legal yon ajans pou swen adoptif oswa yon tribinal, yo elijib pou manje gratis. Nenpòt timoun adoptif kalifye pou manje gratis san gade sou revni moun nan kay la genyen, epi san yo pa konsidere konbyen moun k ap viv nan kay la. Sepandan, paran / moun responsab la dwe endike timoun nan se yon timoun adoptif sou aplikasyon pou manje a lè li mete yon **X** nan ti kare ki nan nimewo **I** (byen lwen adwat) nan aplikasyon an.
7. **Èske timoun ki pa gen kay/ ki sove kite kay yo ka manje gratis?** Wi. Tanpri telefone **Mary William, BPS Homeless Liaison nan 617-635-8037**, pou ou ka konnen si timoun ou yo kalifye pou sa, si ou pokò gen enfòmasyon si y ap manje gratis nan ka sa yo.
8. **Ki moun ki ka manje a pri redui?** Pitit ou yo kapab manje a pri redui si kòb k ap antre lakay ou pa depase limit ki nan lis "Federal Income Chart" la (telefone moun ki nan kafeterya a oswa Biwo "Meal Applications department" nan 617-635-6371 oswa 6372 pou mande enfòmasyon).
9. **Mwen resevwa yon lèt "Direct Certification Notice" nan mwa dawout la ki aprann mwen pitit mwen an kalifye pou l manje gratis. Èske fò m toujou ranpli fomilè an?** Non, ou pap bezwen ranpli fomilè aplikasyon an.

Byen li lèt sa a ou te resevwa a, epi sere li oka ta gen plis kesyon pi devan. Lekòl pitit ou a konnen pitit ou an elijib. Sepandan, si ou ta anvi jwenn plis enfòmasyon ou ka telefòn "Food service department" nan 617-635-6371/6372

10. **M ap resevwa "WIC". Èske pitit mwen yo k ap manje gratis?** Timoun ki nan kay k ap resevwa "WIC" kapab byen elijib pou manje gratis ou a pri redui. Ou dwe ranpli yon aplikasyon.
11. **Mwen pa gen yon nimewo "social security". Èske pitit mwen an ka manje gratis ou a pri redui?** Wi. Sepandan, ou *dwe tchyeke ti kare* nan Pati **6** aplikasyon an, kote ou ap li "Mwen pa gen yon nimewo sekirite sosyal lan" an Anglè ("I do not have a Social Security Number.")
*****Nouvo direktiv federal la pa mande pou bay tout nimewo Sekirite Sosyal la, jis 4 dènye chif yo.*****
12. **Èske nou pral tchyeke enfòmasyon sa m bay yo?** Wi, anlwaye "BPS Food & Nutrition Services" yo verifye yon kantite aplikasyon chak lane. Si yo chwazi aplikasyon pa ou la pou verifye, n ap mande ou ban nou dokimantasyon sou kòb ou ap touche, oubyen enfòmasyon sou aplikasyon ou te ranpli a.
13. **Si m pa kalifye kounyeya, èske m ka aplike ankò?** Wi. Ou ka aplike nenpòt lè pandan lane lekòl lan, si ou vini gen plis moun nan kay la oubyen si ou ap touche mwens kòb, oubyen si ou ap resevwa "Supplemental Nutrition Assistance Program-SNAP, TAFDC" oswa yon lòt benefis. Si ou pèdi travay ou, timoun ou yo ka manje gratis ou a pri redui.
14. **Si yo pa apwouve aplikasyon mwen an pou manje gratis oswa a pri redui, epi mwen pa dakò, kisa m ka fè?** Si ou pa dakò ak desizyon otorite yo pran konsènan manje pou pitit ou a, ou ka mande pou yo tande ou (hearing). Ekri nan adrès sa a, oubyen rele nan telefòn:
BPS Department of Food & Nutrition Services ("Temporary address")
Higginson Building
160 Harrishof Street
Roxbury, MA 02119
617-635-9144
15. **Gen moun lakay la ki pa sitwayen ameriken "U.S. citizen". Èske m ka toujou ranpli aplikasyon pou manje gratis ou a pri redui?** Wi. Oumenm ak tout pitit ou yo, nou pa bezwen pou nou se "U.S. citizen" pou nou kalifye pou timoun yo jwenn manje gratis ou a pri redui.
16. **Ki moun mwen ka mete kòm manb fanmi nan kay la?** Ou dwe mete non *tout moun k ap viv nan kay la, kit yo se menm san ak ou osnon yo se etranje (tankou granparan, lòt fanmi oubyen zanmi)*. Mete tout moun, moun ki pa "U.S. citizen". Ou dwe mete non ou ak non tout timoun k ap viv ak ou. Si ou ap viv ak lòt moun ki endepandan ekonomikman (pa egzanp, moun ki pa bay sipò, moun ki pa pataje revni yo avèk ou oswa pitit ou a, epi ki peye yon pati nan depans pa yo), pa mete non yo ladan.
17. **E si kòb m ap touche a chanje tanzantan?** Fè yon lis ak kantite kòb ou resevwa regilyèman. Si, pa ekzanp, ou abitye touche \$1000 chak mwa, men ou te sote kèk jou travay mwa pase an, epi ou touché sèlman \$900, mete nan lis lan ke w touché \$1000 chak mwa. Si ou toujou touche plis kòb (overtime), ou dwe mete l, men si sa rive sèlman pafwa, ou pa bezwen rapòte li.
18. **Nou nan lame militè; èske nou dwe mete kòb sa n ap resevwa a (housing allowance) kòm revni?** Si lakay ou fè pati sa nou rele "Military Housing Privatization Initiative" la, pa rapòte lajan "housing allowance" ou a kòm revni.
19. **Se mari oswa madanm mwen deplwaye nan yon zòn konba nan lagè. Èske llajan yo peye li pandan li nan konba a konte tankou yon revni?** Non, si yo peye li yon lajan anlès sa li konn touche a li poutèt deplwaman li epi li pa te resevwa anvan li te deplwaye, pa konte li kòm revni. Kontakte lekòl pitit ou pou plis enfòmasyon.
20. **Fanmi mwen bezwen plis koutmen. Èske gen okenn lòt pwogram mwen ka aplike?** Pou aprann plis enfòmasyon epi kijan pou aplike pou "Supplemental Nutrition Assistance (SNAP)" oubyen nenpòt lòt fòm asistans, kontakte Biwo asistans lokal la oswa telefòn (1-866-950-3663).

Si ou gen plis kesyon ou ta renmen poze oswa si ou bezwen èd pou ranpli aplikasyon an, telefòn "Department of Food & Nutrition Services", nan 617-635- 9144/ 6371/ 6372 pou asistans.


ENSTWIKSYON POU APLIKASYON POU MANJE

Nou pral analize (scan) aplikasyon “Family Application for Meal Benefits” la nan yon machin. Pou n ka trete aplikasyon ou la rapidman, n ap mande ou li ti konsèy pi ba yo, konsènan kijan pou ou konplete aplikasyon an.



Si ou te resevwa yon Avi “**Notice of Direct Certification**” ki soti nan distri lekòl la pou jwenn manje gratis, pa ranpli aplikasyon sa-a. Men, fè lekòl la konnen si nenpòt timoun ki nan kay la yo pa site nan avi “Notice of Direct Certification” ou te resevwa a.

1. Li enstwiksyon yo ak tout lòt enfòmasyon enpòtan nan lòt bò aplikasyon an nou prezante li an 8 lang diferan (***Anglè/Panyòl konbine, Pòtigè, Kreyòl Ayisyen, Kapvèdyen, Chinwa, Vyetnamyen ak Somali***). Si ou pa wè lang ou pale a nan lis la, souple kontakte lekòl pitit ou a oswa “Food and Nutrition Service Department” pou asistans nan 617-635-6371 or 6372.
2. Si ou **pa enterese** nan resevwa manje gratis ou a pri redui pou pitit ou a, nou mande ou endike sa a nan **Pati nimewo 4 la** nan aplikasyon an, apre voye l tounen bay lekòl pitit ou a.
3. Pou ou konplete fòmilè sa a, NOU MANDE W:
 - a. Itilize plim ak lank nwa (**pa kreyon**)
 - b. Ekri klè
 - c. Itilize LÈT MAJISKIL
 - d. Tanpri ekri *klè* nan ti kare yo
4. Si ou pa ka mete tout enfòmasyon yo chita anndan espas nou kite pou ou an, ekri otan ou kapab.
5. Nou mande ou **pou ou pa ni plwaye, ni klipse ou agrafe (staple)** anyen sou aplikasyon an.
6. Ekri ak lèt enprime non elèv la konsa Siyati, Prenon ak Inisyal Dezyèm Non, # ID elèv la, Klas, non lekòl la, epi tcheke si wi ou non timoun ou ap aplike pou li a se yon timoun adoptif, nan **nimewo 1**.



Yon timoun adoptif **se nan swen oswa gad** leta a ki ap viv nan kay ou. Eta a pa mande ankò okenn aplikasyon apa pou timoun adoptif yo depi yo fè pati moun kay la.

7. **Si ou liste plis pase 6 elèv nan pati nimewo 1 an, ou plis pase 6 lòt moun nan kay lan nan pati 4 lan**, nou mande pou ou ekri enfòmasyon sa a sou yon lòt fèy papyè separe, epi voye fèy sa a ba nou avèk aplikasyon an. Asisre ou pou ou sonje ekri non timoun lan ak tout lekòl li.
8. Pou fanmi elèv ki benefisye TAFDC/SNAP : Sonje pou ou **ekri nimewo SNAP oswa TAFDC** nan pati nimewo **2** a. (Nimewo *idantifikasyon sa a se ajans* la ki mete li epi ou ap jwenn li anwo adwat lèt benefis “Department of Transitional Assistance” te voye ban ou a).
9. San Kay (Homeless)/Migran/Nan Mawon (Runaway), nimewo **3**: Si timoun sa a w ap aplike pou li an Pa Gen Kay, se yon Migran, ou Nan Mawon, plase yon X nan ti kare akote l lan, epi telefone Mary William at 617-635-8037.

10. **Lajan Revni ki pou rapòte:** Kalifikasyon pou manje gratis ak repa a pri redui baze sou lajan konbine tout manm nan kay la touche. Tanpri fè lis tout revni ki antre: salè, djòb sou kote, poubwa, dedomajman lè grèv, konpansasyon pou chomaj, konpansasyon travayè, revni nan travay endepandan oswa pwòp biznis pa ou oswa jaden, pansyon, retrèt, Sekirite Sosyal, Revni Sekirite Siplemanntè, ak lòt revni. Salè a dwe kalkile anvan taks oswa dediksyon epi mete li **nan nimewo 4 aplikasyon an.**
11. **Nimewo (4, 5, ak 6):** Ekri non tout moun ki ap viv nan kay la, kit yo touche kòb oswa yo pa touche. Mete non pa ou, timoun ou ap aplike pou yo a, non tout lòt timoun ki nan kay la, mari oswa madanm, granparan ak tout lòt moun k ap viv nan kay la. **Sèvi ak yon lòt fèy papye si sa nesèsè.**
12. Ekri montan lajan chak moun k ap viv nan kay la ap touche kounyeya, anvan taks (Gross Income), epi endike ki kote li soti, tankou salè, lajan byennèt sosyal, pansyon, etc. Esplike kijan lajan sa a rive: ***Pa semenn (W), Ps de-semenn (E), 2 X pa mwa (T), pa mwa (M).***
13. Si ou vle ***refize benefis la*** tanpri tcheke ti kare ki gen **nimewo 4** nan aplikasyon an.

Nou pap kapab gade aplikasyon sa a si ou pa mete 4 dènye chif ki nan kat sekirite sosyal ou epi si ou pa siyen li. Si ou pa gen kat sekirite sosyal, tanpri tcheke ti kare ki di "I do not have a SS#" nan nimewo 6.

Barèm Revni Lajan Lekòl Piblik Boston suiv pou Sèvis ak Pri manje

Barèm pou Elijibilite pou Benefis Manje 2011-2012			
Gwosè Kay	Pa Ane	Pa Mwa	Pa Semenn
1	20,147	1,679	388
2	27,214	2,268	524
3	34,281	2,857	660
4	41,348	3,446	796
5	48,415	4,035	932
6	55,482	4,624	1,067
7	62,549	5,213	1,203
8	69,616	5,802	1,339
Pou chak lòt moun anplis	7,067	589	136

Pri Manje pou Ane sa a		
Ki Manje	Pri Antye	Pri Redui
Dejene:	\$1.50	\$0.30
Lunch Primè:	\$2.25	\$0.40
Lekòl Mwayen ak Segondè	\$2.50	\$0.40